**दिन—शुक्रवार** **दिनांक—04.10.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार बाढ़ि सँ तबाह परिवार सभ के सात—सात हजार टाकाक सहायता राशि देबाक घोषणा कयलनि अछि। ई राशि दुर्गा पूजा सँ पहिने डी.बी.टीक. माध्यम सँ बाढ़ि प्रभावित लोक सभक बैंक खाता मे पठा देल जायत। समाज कल्याण मंत्री मदन सहनी जनौलनि जे पचास हजार बाढ़ि प्रभावित परिवार सभक बीच सहायता राशि पठाओल जायत। एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ राज्य मे पहिल चरण मे आयल बाढ़िक चपेट सँ तबाह चारि लाख उनचालीस हजार परिवार सभक बैंक खाता मे तीन सय सात करोड़ टाकाक राशि देलनि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ प्रदेशक बाढ़ि सँ तबाहिवला क्षेत्रक हवाई सर्वेक्षण कयलनि। श्री कुमार दरभंगाक इंडोर स्टेडियम मे बाढ़ि प्रभावित लोकसभक बीच बाटल जायवला सुखल राशनक पैकेजिंग काजक समीक्षा कयलनि। ओ तबाहिवला क्षेत्र मे चलाओल जा रहल स्वास्थ्य शिविर जा कऽ जनतब लेलनि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभक संग समीक्षा बैसार कऽ कऽ राहत काज मे गति लयबाक लेल जनौलनि। एहि बीच, मुख्यमंत्री आइ पटना मे राज्यक बाढ़ि प्रभावित क्षेत्रक स्थिति आओर चलाओल जा रहल राहत आ बचाव काजक उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक कयलनि। एहि मे बाढ़ि प्रभावित लोकसभ के मददि पहुंचयबाक चर्चा कयल गेल। संगहि, बाढ़िक कारण फसिलक भेल क्षति आओर किसान सभ के देल जायवला मददि पर सेहो चर्चा भेल।

---

प्रदेश मे बाढ़िक स्थिति गंभीर बनल अछि। दरभंगा, पूर्वी चंपारण, खगड़िया आओर मुजफ्फरपुर जिलाक कतेको क्षेत्र मे बाढ़िक पानि पसरि गेल अछि। बागमती, कमला—बलान आओर अधबारा समूहक नदी के उफान सँ कतेको गाम जलमग्न भऽ गेल अछि। आपदा

प्रबंधन विभागक अनुसार अठारह जिला मे सोलह लाख सँ बेसी लोकसभ बाढ़िक चपेट मे छथि। एम्हर, सुपौल, सीतामढ़ी, पूर्वी चंपारण आओर पश्चिम चंपारण सहित कतेको जिला मे बाढ़िक पानि कम भेला सँ स्थिति शनैः–शनैः सुधरि रहल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक उत्तरी आओर पूर्वी क्षेत्र मे पछिला चौबीस घंटाक बीच हल्लूक सँ मध्यम बारिश भेल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पूर्णियांक बरहराकोठी मे सभ सँ बेसी अस्सी दशमलव चारि मिलीमीटर बारिश भेल अछि। ओतहि, भागलपुरक पिरपैंती मे छिहत्तरि दशमलव दू मिलीमीटर बारिश भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे जनाओल गेल अछि जे अगिला चौबीस घंटाक बीच किशनगंज आओर लखीसराय जिला मे किछु ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि। एहि के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

भाजपाक संस्थापक सदस्य रहल कैलाशपति मिश्रक एक सय एकम जयंती पर बक्सरक छोटका ठकाईच गाम मे श्रद्धांजलि सभाक आयोजन कयल गेल। एहि मे पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जायसवाल आओर केन्द्रीय मंत्री नित्यानन्द राय सहित कतेको वरिष्ठ नेता सभ छलाह।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय नवादाक ददौरक अनुसूचित जातिक एक बस्ती मे आगि लगाओल गेलाक मामिला मे स्वतः संज्ञान लेलक अछि। मुख्य न्यायाधिश के. विनोद चन्द्रनक अध्यक्षतावला खंड पीठ एहि मामिला मे राज्य सरकार के विस्तार सँ हलफनामा दायर करबाक लेल जनौलनि अछि। सुनवाइक बीच महाधिवक्ता पी.के. शाही जनौलनि जे घटनाक शीघ्रहि बाद कार्रवाई कयल गेल। मामिला मे चौबीस लोकसभ के गिरफ्तार कयल गेल अछि। आ प्रभावित लोकसभक पुनर्वासक व्यवस्था कयल गेल। आब ई मामिलाक सुनवाई उनतीस नवम्बर कऽ होयत।

———————————————————————

पटना उच्च न्यायालय बिहार मे चलि रहल भूमि सर्वे पर रोक लगेबाक लेल दायर जनहित याचिका के खारिज कऽ देलक अछि। मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चन्द्रनक अध्यक्षतावला पीठ जनौलनि जे याचिका मे पर्याप्त ब्यौरा नहि अछि। एकर बाद याचिका कर्ता अपन याचिका वापिस लऽ लेलनि।

———————————————————

पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश के. विनोद चन्द्रन आइ न्यायिक सेवा कोटा सँ नियुक्त दू न्यायाधीश के शपथ दियौलनि। श्री चन्द्रन पटना उच्च न्यायालयक शताब्दी भवन मे आयोजित समारोह मे न्यायाधीश शशि भूषण प्रसाद सिंह आओर न्यायाधीश अशोक कुमार पांडेय के शपथ दियौलनि।

———————————————————

शारदीय नवरात्रक दोसर दिन आइ माँ दुर्गाक ब्रह्मचारिणी स्वरूपक पूजा—अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे माँक ई स्वरूपक पूजा कयला सँ तप, त्याग, सदाचार आओर संयम बढैत अछि। हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे मंदिर आओर शक्ति पीठ सभ मे भोरे सँ लोकसभ पूजा—अर्चना लेल आबि रहल छल। कतेको पूजा पंडाल मे माँ दुर्गाक प्रतिमा के अंतिम रूप देल जा रहल अछि। चहुँदिश माँ दुर्गाक मंत्र आओर भजन सुनल जा रहल अछि।

———————————————————

पश्चिम चंपारण जिलाक बेतिया मुफस्सिल थानाक मछली लोक लऽग एक ट्रकक चपेट मे अयला सँ ई—रिक्शा सवार दू लोकक मृत्यु भऽ गेलनि, जखनकि तीन आन घायल भऽ गेलाह।

———————————————————

एस.टी.एफ. आओर खगड़िया पुलिस जिलाक ठाठा बहियार सँ नामी—गिरामी अपराधी रणवीर यादव के गिरफ्तार कऽ लेलक अछि। हुनका पर कतेको थाना मे सात मामिला दर्ज अछि।

———————————————————

समाप्त